

XV. TATAKRAMA BASA

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan tatakrama basa atawa undak usuk basa Sunda. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampuh:

- (1) ngeceskeun watesan tatakrama atawa undak usuk basa,
- (2) ngeceskeun wangun tatakrama basa Sunda, jeung
- (3) ngeceskeun cara ngaleskeun kecap-kecap kasar.

B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung perkara tatakrama basa Sunda, nya eta (1) watesan tatakrama basa Sunda, (2) wangun tatakrama basa, jeung (3) cara ngaleskeun keca. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

1. Watesan Tatakrama Basa

Undak usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Ieu sopan santun (étikét) téh geus disaluyuan jeung diajénan jadi hiji kahadéan ku warga masarakatna pikeun silih hormat jeung silih ajénan. Palebah dieu, undak usuk basa atawa tatakrama basa téh jadi hiji sistem ngagunakeun ragam basa (hormat – teu hormat) anu raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, jeung kontak antara panyatur jeung pamiarsa katut jalma nu dicaritakeun.

2. Prinsip Tatakrama Basa

Undak usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa kasopanan dina makéna basa. Wujud kasopanan bisa mangrupa (a) lisan/kecap, (b) pasemon, (c) rengkuh jeung peta, jeung (d) lentong nu merenah (Adiwidjaya, 1951:100).

Prinsip kasopanan téh miboga sababaraha rupa maksim, nya éta (1) maksim kawijaksanaan, (2) maksim handap asor, (3) maksim kacocog, (4) maksim katumarima, (5) maksim kasimpatian, jeung (6) maksim balabah.

Maksim kawijaksanaan meredih omongan ku cara ngaréan kauntungan atawa ngurangan karugian ka pamiarsa, diwangun ku omongan komisif jeung impositif. Contona:

- (01)a. Mun bisa, kuring rék nepungan ka imah Bapa. (Teu hormat)
- b. Upami tiasa, abdi badé nepungan ka bumi Bapa. (Hormat)

Maksim katumarima meredih sangkan omongan panyatur ngurangan kauntungan keur dirina atawa loba ngarurugi karep, diwangun ku omongan komisif jeung impositif. Contona, omongan (02a) kurang hormat, sabalikna omongan (02b) leuwih hormat.

- (02)a. Cing ulah ngaroko baé, atuh!
- b. Aya saéna upami rokona dipareuman.

Maksim pangcocog meredih sangkan omongan panyatur kudu leuwih cocog jeung pamiarsa, kurangan omongan anu teu cocog, biasana diwangun ku omongan asertif jeung éksprésif. Omongan si B dina wacana (03) leuwih sopan tur cocog jeung kalimah si A, sabalikna omongan si C mah henteu cocog.

- (03) A : Basa Sunda téh énténg bangga, nya?
- B : Enya.
- C : Ah, ceuk saha, sakitu babarina.

Maksim kasimpatian meredih sangkan omongan panyatur ngalobaan rasa simpati atawa ngurangan antipati ka pamiarsa, biasana diwangun ku omongan asertif jeung éksprésif. Dina wacana (04), omongan si B nuduhkeun rasa simpati ka si A, sabalikna omongan si C nuduhkeun rasa kurang simpati atawa antipati.

- (04) A : Kuliah téh tiwas, teu bisa laju.
- B : Sabar wé. Lain nasibna meureun.
- C : Wah, pinter, nya.

Maksim balabah meredih sangkan omongan panyatur ngalobaan panghormat jeung pamuji ka pamiarsa atawa ngurangan pamuji ka dirina, biasana diwangun ku omongan éksprésif jeung asértif. Contona, dina wacana (05), omongan si A loba muji pamiarsa, jawaban si B ngurangan pamuji ka dirina. Kitu deui, jawaban si C loba muji si A.

- (05) A : Raos pisan angeun téh, Ceu.
 B : Ah, angeun kieu disebut raos.
 C : Saha heula atuh nu ngangeunna, Ceu Juju.

Maksim handap asor meredih sangkan omongan panyatur leuwih loba ngahormat atawa ngomah-ngomahan haté pamiarsa atawa ngurangan basa loma atawa kasar, diwangun ku omongan asertif jeung éksprésif. Dina wacana (06), omongan si A narékahan sangkan nguntungkeun pamiarsa, sabalikna jawaban si B ngurangan panghormat atawa handap asor.

- (06) A : Saurna, tuang putra téh juara umum di sakolana?
 B : Ah, saur saha? Pun anak mah ngedul, tara ngapalkeun.

3. Wangun Tatakrama Basa Sunda


Ari enas-enasna, munculna tatakrama basa téh gumantung kana tilu perkara, nya éta

- (a) *pamaké basa*, saha panyatur (Jalam I), saha pamiarsa (Jalma II), jeung saha nu dicaritakeun (Jalma III);
 (b) *kalungguhan pamaké basa*, naha sahandapeun (h), sasama (s), atawa saluhureun (l); jeung
 (c) *gambaran rasa panyatur* waktu komunikasi lumangsung, naha hormat (H), biasa atawa loma (L), naha teu hormat atawa kasar (K).

Wangun tatakrama bisa ditabelkeun di handap ieu.

Pamake Basa	Tahapan	Gambaran Rasa
I	s	W
II	l	H
III	h	K

Bagan 6.2: POLA MAKENA UUBS



Basa lemes atawa *hormat* dipaké lamun urang nyarita bari hayang nétélakeun panghormatan, boh ka diri sorangan (jalma I), boh ka diri batur nu diajak nyarita (jalma II) atawa nu dicaritakeun (jalma III). Nurutkeun satata henteuna antara panyatur, pamiarsa, jeung nu dicaritakeun, aya dua rupa kecap lemes, nya éta (1) lemes keur sorangan jeung (2) lemes keur batur. Contona:

Abdi mah *dongkap* téh wengi. Dupi Akang iraha *sumping*?

Mugi diantos heula, pun adi teu acan *dongkap*.

Kecap lemes *dongkap* disebut kecap lemes keur sorangan, ari *sumping* disebut kecap lemes keur batur. Keur jalma katilu nu umurna satata atawa sahandapeun panyatur, mun nyarita ka saluhureun, digunakeun kecap lemes keur sorangan.

Basa loma atawa *kasar* dipaké lamun jalma kadua jeung jalma katilu tahapanana sahandapeun jalma kahiji, atawa babaturan nu geus loma pisan. Sakapeung kecap loma téh dipaké nyarita hareupeun balaréa. Contona:

A : Iraha *datang* ti Jakarta téh, Dén?

B : Kamari *pabeubeurang*.

Kecap *datang* jeung *pabeubeurang* dina wacana (51) di luhur kaasup kana kecap loma.

Dina kahirupan sapopoé sok kapanggih *basa kasar pisan*, biasana mun nyaritakeun sato atawa mun keur ambek. Contona:

Cekel *cokor* hayam téh, ngarah teu teterejelan baé.

Teu *neuleu* pisan, *cokor* kotor *dibanjut* ka *gogobrog*.

Kecap *cokor*, *neuleu*, *dibanjut*, jeung *gogobrog* masing-masing kaasup kana *basa kasar pisan* atawa *cohag*.

3. Gelarna Kecap-kecap Lemes (Hormat)

Gelarna kecap-kecap lemes teh bisa ku rupa-rupa cara, di antarana:

a. Dibalibirkeun:

beuteung --> *patuangan*

b. Diganti ku kecap sejen

(1) Ku basa Jawa:

kenca --> kiwa
bulan --> sasih

(2) Ku basa Sansekerta:

paeh --> palastra
kawajiban --> darma

(3) Ku basa Arab:

kuring --> abdi
paeh --> maot

(3) Ku basa Indonesia:

tuur --> dengkul
leungeun --> panangan (asalna: *tangan*)

c. Diganti salasihiji fonemna:

(1) /u/ --> /i/ : kuat --> kiat
(2) /u/ --> /a/ : sebut --> sebat
(3) /a/ --> /i/ : rupa --> rupi
(4) /i-u/ --> /e-a/ : itung --> etang

d. Dirobah engang panungtungna:

- | | | | | |
|------------|---|---------|-----|---------|
| (1) --os | : | nyarita | --> | nyarios |
| (2) --jeng | : | payu | --> | pajeng |
| (3) –nten | : | kira | --> | kinten |
| (4) –ntun | : | kirim | --> | kintun |
| (5) –wis | : | nawar | --> | nawis |

4. Wanda Tatakrama Basa

Kecap-kecap anu dipake dina tatakrama basa teh nya eta ragam kecap lemes (hormat) jeung kecap kasar. Kecap lemes dibedakeun jadi kecap lemes keur sorangan jeung kecap lemes keur ka batur. Variasi makena ragam kecap lemes jeung kasar teh aya sababaraha kamungkinan, di antarana:

a. Kecap kasar (K) \neq kecap lemes sorangan (KLS) = kecap lemes batur (KLB)

Kecap-kecap tatakrama basa anu polana kieu kapanggih kira-kira 199 kecap. Contona:

abus	\neq	lebet	=	lebet
utma	\neq	utami	=	utami

b. Kecap kasar (K) = kecap lemes sorangan (KLS) \neq kecap lemes batur (KLB)

Kecap-kecap tatakrama basa anu polana kieu kapanggih kira-kira 241 kecap. Contona:

adu	=	adu	\neq	aben
turut	=	turut	\neq	tumut

c. Kecap kasar (K) \neq kecap lemes sorangan (KLS) \neq kecap lemes batur (KLB)

Kecap-kecap tatakrama basa anu polana kieu kapanggih kira-kira 92 kecap. Contona:

ajang	\neq	kanggo	\neq	haturan
anggir	\neq	kuramas	\neq	kujamas

C. RANGKUMAN

Tatakrama basa atawa undak usuk basa mangrupa aturan sopan santun makena basa anu disaluyuankeun masarakatna, gunana pikeun silih hormat jeung silih ajenan. tatakrama basa mangrupa hiji sistem ngagunakeun ragam basa anu aya patalina jeung peran pamake basa (panyatur, pamiarsa, jeung nu dicaritakeun).

Aya dua wangun tatakrama basa, nya eta kecap lemes jeung kecap kasar. Kecap lemes aya nu dipake keur sorangan aya nu dipake kuer batur. Kecap lemes disebut oge kecap hormat. Gelarna kecap lemes bisa ku rupa-rupa cara, di antarana, (1) dibalibirkeun, (2) diganti kucecap sejen, (3) dirobah salasahiji fonemna, jeung (4) dirobah engang panungtungna.

Tatakrama basa mibanda wanda nu tangtu dina makena kecap-kecap. Aya tilu variasi makena kecap-kecap dina tatakrama basa Sunda, nya eta (1) KK \neq KLS = KLB, (2) KK = KLS \neq KLB, dan (3) KK \neq KLS \neq KLB.

D. LATIHAN

Jawab sakur pananya di handap ieu!

1. Tetelakeun naon nu dimaksud ku tatakrama basa?
2. Kira-kira mana nu leuwih keuna istilah tatakrama basa atawa undak usuk basa? Naon alesanana?
3. Iraha jeung di mana wae urang kudu ngagunakeun tatakrama?
4. Saderek satuju henteu ayana undak-usuk basa? Naon alesanana?
5. Kumaha kalungguhan pamake basa dina tatakrama basa?
6. Lamun urang nyarita ka saluhureun, nyaritakeun sahandapeun ti urang, kudu make basa kumaha?
7. Kumaha wae gelarna kecap-kecap lemes dina basa Sunda?
8. Kumaha pola makena keca-kecap dina tatakrama basa Sunda?
9. Kumaha pamadegan Saderek kana ngalemeskeun kecap:
agama --> agami
olahraga --> olahragi
tatangga --> tatanggi
10. Cing pek lemeskeun!
Kuring deukeut treuk hideung.
Bapa kuring keur gering ripuh.
Dagoan kuring rek mandi heula!
Sare teh peuting teuing, balukarna hudang kabaurangan.
Cing, sakali deui, teu kadenge!

E. DAPTAR PAKECAPAN DINA TATAKRAMA BASA SUNDA

a. KASAR (K) # HORMAT (H) O-1 = HORMAT (H) O-2

No.	Kasar (K)	Hormat O-1	Hormat O-2	
1.	(bé)béja	(wa)wartos	(wa)wartos	‘beritahu
2.	(eu)keur	nuju	nuju	‘sedang’
3.	(ha)watir	hawatos	hawatos	‘kasihan’
4.	(ng)oméan	ngalereskeun	ngalereskeun	‘membetulkan’
5.	(teu) pati	(teu) patos	(teu) patos	‘tak terlalu’
6.	abus	lebet	lebet	‘masuk’
7.	acan	teu acan	teu acan	‘belum’
8.	alus	saé	saé	‘bagus’
9.	anggel	bantal	bantal	‘bantal’
10.	anggeus	réngsé	parantos	‘selesai’
11.	angir	kuramas	kujamas	‘keramas’
12.	angkir	saur	saur	‘panggil’
13.	anti	antos	antos	‘menanti’
14.	arang,	awis-awis	awis-awis	‘jarang’
15.	aré	badé	badé	‘akan’
16.	arep-arep	ajeng-ajeng	ajeng-ajeng	‘menanti’
17.	ari	dupi	dupi	‘kalau’
18.	asal	kawit	kawit	‘berasal’
19.	asup	lebet	lebet	‘masuk’
20.	atawa	atanapi	atanapi	‘atau’
21.	atoh	bingah	bingah	‘gembira’
22.	babari	gampil	gampil	‘mudah’
23.	babaturan	réréncangan	réréncangan	‘teman’
24.	baca	aos	aos	‘baca’
25.	badami	badanten	badanten	‘berempuk
26.	badega	réncang	réncang	‘jongos’
27.	baheula,	kapungkur	kapungkur	‘dulu’
28.	bakti	baktos	baktos	‘bakti’
29.	bangga	sesah	sesah	‘sulit’
30.	bapa	pun bapa	tuangrama	‘ayah’
31.	baraya	wargi	wargi	‘saudara’
32.	bareng,	sareng	sareng	‘dengan,
33.	bareto	kapungkur	kapungkur	‘dulu’

34.	batur	nu sanes	nu sanes	‘orang lain’
35.	bawa	bantun	candak	‘bawa’
36.	bawirasa	bawiraos	bawiraos	menurutku
37.	béak	séép	séép	‘habis’
38.	béda	bénten	bénten	‘beda’
39.	béja	wartos	wartos	‘berita’
40.	belah	palih	palih	‘sebelah’
41.	bener	leres	leres	‘benar’
42.	berekah	pangésto,	damang	‘sehat’
43.	beulah	palih	palih	‘sebelah’
44.	beunang	kénging	kénging	‘dapat’
45.	beurang	siang	siang	‘siang’
46.	beurat	abot	abot	‘berat’
47.	bilang,	étang	étang	‘hitung’
48.	bisa	tiasa	(t)iasa	‘dapat’
49.	bisi	bilih	bilih	‘takut’
50.	bolonan,	kareseban	kareseban	‘mens’
51.	bukti	buktos	buktis	‘bukti’
52.	bulan	sasih	sasih	‘bulan’
53.	bungah	bingah	bingah	‘gembira’
54.	burit	sonten	sonten	‘sore’
55.	buru	bujeng	bujeng	‘datangi’
56.	cageur	aya hibar	damang	‘sehat’
57.	carita	carios	carios	‘cerita’
58.	cécéwok	o(m)béh	o(m)béh	‘cuci pantat’
59.	coba	cobi	cobi	‘coba’
60.	cukup	cekap	cekap	‘cukup’
61.	deukeut	caket	caket	‘dekat’
62.	deungeun-2	sanés wargi,	sanés wargi	‘orang lain’
63.	duit	artos	artos	uang’
64.	éling	émut	émut	‘ingat’
65.	émboh	tambah	tambah	‘tambah’
66.	encan	teu acan	teu acan	‘belum’
67.	entong	teu kening	teu kening	‘tunggu’
68.	éstu	ésto	ésto	‘menuruti
69.	eusi	lebet	lebet	‘isi, dalam
70.	euweuh	teu aya	teu aya	‘tak ada’
71.	gampang	gampil	gampil	‘mudah’

72.	gancang(an),	énggal(an)	énggal(an)	‘cepat’
73.	gandék	réncang	réncang	‘jongos’
74.	ganti	gentos	gentos	‘ganti’
75.	genah,	raos	raos	‘enak,’
76.	geuwat	énggalan	énggalan	‘cepat’
77.	harti	hartos	hartos	‘arti’
78.	hayu,	mangga	mangga	‘mari,’
79.	heg, heug,	mangga	mangga	‘silakan’
80.	hésé	sesah	sesah	‘sulit’
81.	hili	liron	liron	‘tukar’
82.	hina	laip	laip	‘hina’
83.	Iber	wartos	wartos	‘berita’
84.	idin	widi	widi	‘izin’
85.	ilu, milu,	(ng)iring	(ng)iring	‘ikut’
86.	impi	impén	impén	‘mimpi’
87.	inget	émut	émut	‘ingat’
88.	injeum	tambut	tambut	‘pinjam’
89.	isuk(an)	énjing	énjing	‘besok’
90.	itung	étang	étang	‘hitung’
91.	jalma	jalmi	jalmi	‘orang’
92.	jauh	tebih	tebih	‘jauh’
93.	jelema	jalmi	jalmi	‘orang’
94.	jero	lebet	lebet	‘isi, dalam’
95.	jeung	sareng	sareng	‘dan’
96.	jima	sapatemon	sapatemon	‘setubuh’
97.	jual	ical	ical	‘jual’
98.	jugjug	bujeng	bujeng	‘datangi’
99.	kabéh	sadaya	sadaya	‘semua’
100.	kacida	kalintang	kalintang	‘sangat’
101.	kaciri	katawis	katawis	‘tampak’
102.	kagok	pambeng	pambeng	‘tanggung’
103.	kajeun,	sawios	sawios	‘biar saja’
104.	kakara,	nembé	nembé	‘baru saja’
105.	kalan-kalan,	sa-waktos-2	sa-waktos-2	‘kadang-2’
106.	kapalang,	kapambeng	kapambeng	‘tanggung’
107.	karék	nembé	nembé	‘baru saja’
108.	karémbong	kekemben	kekemben	‘selendang’
109.	kari	kantun	kantun	‘sisa’

110. katara	katawis	katawis	‘tampak’
111. kawantu	kawantos	kawantos	‘karena’
112. késang	karinget	karinget	‘keringat’
113. keun baé	sawios	sawios	‘biar saja’
114. keur	kanggo	kanggo	‘untuk’
115. kiih	kahampangan	kahampangan	‘kencing’
116. kira, nyana	kinten	kinten	‘kira’
117. kongkorong	kangkalung	kangkalung	‘kalung’
118. kuat	kiat	kiat	‘kuat’
119. kubur	kaluat	kaluat	‘pendam’
120. kudu	kedah	kedah	‘harus’
121. kumpul	kempel	kempel	‘kumpul’
122. kungsi	kantos	kantos	‘pernah’
123. kurang	kirang	kirang	‘kurang’
124. kuren(an)	rimbitan	rimbitan	‘berkeluarga’
125. lain	sanés	sanés	‘bukan’
126. laku, payu	pajeng	pajeng	‘laku’
127. lalajo	nongton	nongton	‘nonton’
128. lamun,	upami	upami	‘kalau’
129. langka	awis-awis	awis-awis	‘jarang’
130. lantaran	margi	margi	‘sebab’
131. laun(-laun),	lami(-lami)	lami(-lami)	‘lama-lama’
132. lebah	leresan	leresan	‘sebelah’
133. leutik	alit	alit	‘kecil’
134. leuwih	langkung	langkung	‘lebih’
135. lila	lami	lami	‘lama’
136. lila(-lila)	lami(-lami)	lami(-lami)	‘lama-lama’
137. liwat	langkung	langkung	‘lewat’
138. loba	seueur	seueur	‘banyak’
139. mahal	mahal	awis	‘mahal’
140. mahi	cekap	cekap	‘cukup’
141. maju	majeng	majeng	‘maju’
142. maksud	maksad	maksad	‘maksud’
143. muga	mugi	mugi	‘semoga’
144. mungguh	menggah	menggah	‘memang’
145. murah	mirah	mirah	‘murah’
146. najan	sanaos	sanaos	‘meskipun’
147. ngan	mung	mung	‘hanya’

148.	ngarti	ngartos	ngartos	‘mengerti’
149.	ngeunah	raos	raos	‘nikmat’
150.	nohonan	nyaosan	nyaosan	‘memenuhi’
151.	nu matak	nu mawi	nu mawi	‘sebab’
152.	paham	ngartos	ngartos	‘mengerti’
153.	paju	pajeng	pajeng	‘garap’
154.	paké	anggo	anggo	‘pakai’
155.	palangan	kareseban	kareseban	‘menstruasi’
156.	pandeuiri	ti pengker	ti pengker	‘belakangan’
157.	panggih	pendak	pendak	‘temu’
158.	pangna	nu mawi	nu mawi	‘sebab’
159.	paribasa	paripaos	paripaos	‘peribahasa’
160.	parok	sami	sami	‘sama’
161.	payu,	pajeng	pajeng	‘laku,
162.	payung	pajeng	pajeng	‘payung,
163.	pencét	peuseul	peuseul	‘pijat’
164.	percaya	percanten	percanten	‘percaya’
165.	perkara	perkawis	perkawis	‘perihal’
166.	perlu	peryogi	peryogi	‘perlu’
167.	permisi	permios	permios	‘permisi’
168.	peuting	wengi	wengi	‘malam’
169.	pikeun	kanggo	haturan	‘untuk’
170.	piligenti	piligentos	piligentos	‘bergantian’
171.	pirang-pirang	pinten-pinten	pinten-pinten	‘macam-2’
172.	poé, dina	dinten	dinten	‘hari’
173.	popotongan	patilasan	patilasan	‘bekas’
174.	rarasaan	raraosan	raraosan	‘perasaan’
175.	rasa	raos	raos	‘rasa’
176.	réa	seueur	seueur	‘banyak’
177.	rumasa	rumaos	rumaos	‘merasa’
178.	rupa	rupi	rupi	‘rupa’
179.	sadia	sayagi	sayagi	‘sedia’
180.	saeutik	sakedik	sakedik	‘sedikit’
181.	sakapeung	sa-waktos-2	sa-waktos-2	‘kadang-2’
182.	sakeudeung	sakedap	sakedap	‘sebentar’
183.	salah sawiji	salasawios	salasawios	‘salasatu,
184.	salah	lepat	lepat	‘salah’
185.	salahsaurang	salahsawios	salasawios	‘salahseorang’

186. samak	amparan	amparan	‘tikar’
187. samping	sinjang	sinjang	‘sarung’
188. sanggeus	saparantos	saparantos	‘sesudah’
189. sanggup	sanggem	sanggem	‘sanggup’
190. saniskara	saniskanten	saniskanten	‘segala’
191. saparo	sapalih	sapalih	‘sebagian
192. saperti,	sapertos	sapertos	‘seperti’
193. sarerea	sadayana	sadayana	‘semuanya
194. sarua	sami	sami	‘sama’
195. sawareh	sapalih	sapalih	‘sebagian’
196. sawatara	sawatawis	sawatawis	‘beberapa
197. sayaga	sayagi	sayagi	‘sedia’
198. sebut	sebat	sebat	‘sebut’
199. sémah	tamu	tamu	‘tamu’
200. semet	wangkid	wangkid	‘sejak’
201. sésa	kantun	kantun	‘sisia’
202. siar	milari	milari	‘mencari’
203. sirit	larangan	larangan	‘kemaluan
204. sisir	pamérés	pamérés	‘sisir’
205. soré	sonten	sonten	‘sore’
206. sugan,	manawi	manawi	‘barangkali’
207. sumawona	sumawonten	sumawonten	‘apalagi’
208. sumur	jamban	jamban	‘jamban’
209. supaya	supados	supados	‘supaya’
210. surat	serat	serat	‘surat’
211. syukur	nuhun	nuhun	‘terima kasih’
212. tadina	kawitna	kawitna	‘tadinya’
213. tai	kokotor	kokotor	‘tinja’
214. tambah,	tambah	tambah	‘tambah’
215. tanpa	tampi	tampi	‘terima’
216. tanda,	tawis	tawis	‘tanda’
217. tanggal	(ka)ping	(ka)ping	‘tanggal’
218. tanggung	tanggél	tanggél	‘tanggung’
219. tangtu	tangtos	tangtos	‘tentu’
220. tanya	taros	taros	‘tanya’
221. tapi	nanging	nanging	‘tetapi’
222. tarima	tampi	tampi	‘terima’
223. tatangga	tatanggi	tatanggi	‘tetangga’

224. tayoh(na)	rupina	rupina	‘tampaknya
225. téang(an)	pilari	pilari	‘mencari’
226. tedunan	nyaosan	nyaosan	‘memenuhi’
227. tempo	sarantos	sarantos	‘waktu’
228. tepi	dugi	dugi	‘sampai’
229. tepung	tepang	tepang	‘temu’
230. téréh	énggal	énggal	‘cepat’
231. terus	teras	teras	‘terus’
232. teundeun	simpen	simpen	‘simpan’
233. tulus	cios	cios	‘jadi’
234. tuluy	teras	teras	‘terus’
235. tunggu	antos	antos	‘menanti’
236. ulah,	teu kencing	teu kencing	‘tunggu’
237. upama	upami	upami	‘kalau’
238. uruskeun	lereskeun	lereskeun	‘betulkan’
239. urut	tilas	tilas	‘bekas’
240. utama	utami	utami	‘utama’
241. waktu	waktos	waktos	‘waktu’
242. wani	wantun	wantun	‘berani’
243. warga	wargi	wargi	‘saudara’
244. warta	wartos	wartos	‘berita’
245. wawuh	kenal	kenal	‘kenal’
246. wedak	pupur	pupur	‘bedak’
247. yakti	yaktos	yaktos	‘benar’

B. KASAR = HORMAT O-1 ≠ HORMAT O-2

No.	Kasar	Hormat O-1	Hormat O-2	
1.	(ha)watir	watir	hawatos	‘kasihan’
2.	(ka)duga	kaduga	kiat	‘kuat’
3.	(la)laki	lalaki	pameget	‘lelaki’
4.	(ri)rikipan	ririkipan	rerencepan	‘diam-diam’
5.	adi	(pun) adi	(tuang) rai	‘adik’
6.	adu	adu	aben	‘sabung’
7.	ais	ais	embank	‘gendong’
8.	ajar	ajar	wulang	‘ajar’
9.	aji	aji	aos	‘mengaji’
10.	akang	akang	engkang	‘kakak’
11.	aki	pun aki	tuang eyang	‘kakek’

12. aku	aku	angken	‘akui’
13. ali	ali	lelepen	‘cincin’
14. alo	pun alo	kapiputra	‘keponakan’
15. ambek	ambek	bendu	‘marah’
16. ambeu	ambeu	angseu	‘cium’
17. anak	pun anak	tuang putra	‘anak’
18. antara	antara	antawis	‘antara’
19. awak	awak	salira	‘tubuh’
20. awéwé	awéwé	istri	‘wanita’
21. babantu	babantu	babantos	‘membantu’
22. badarat	badarat	nyacat	‘berjalan’
23. bagéa	bageéa	haturan	‘silakan’
24. bageur	bageur	sae manah	‘baik hati’
25. baju	baju	raksukan	‘baju’
26. balur	balur	lulur	‘lulur’
27. bangun	bangun	sapertos	‘seperti’
28. bapa	(pun) bapa	(tuang) rama	‘ayah’
29. batuk	batuk	gohgoy	‘batuk’
30. begang	begang	langsip	‘kurus’
31. bendo	bendo	udeng	‘blankon’
32. beubeur	beubeur	beulitan	‘sabuk’
33. beuheung	beuheung	tenggek	‘leher’
34. beungeut	raray	pameunteu	‘muka’
35. bibi	(pun) bibi	(tuang) ibu	‘tante’
36. bingung	bingung	ewed	‘bingung’
37. bireungeuh	mireungeuh	ningali	‘melihat’
38. birit	birit	imbit	‘pantat’
39. bisul	bisul	gambuh	‘bisul’
40. bitis	bitis	wentis	‘betis’
41. biwir	biwir	lambey	‘bibir’
42. budak	budak	murangkalih	‘anak’
43. buka	buka (puasa)	boboran	‘berbuka’
44. cabak	cabak	cepeng	‘pegang’
45. calana	calana	lancingan	‘celana’
46. candung	candung	wayuh	‘mendua’
47. caneut	nyaneut	ngaleueut	‘sarapan’
48. cangkéng	cangkéng	angkéng	‘pinggang’
49. capé	capé	palay	‘lelah’

50. caram	caram	(nga)wagel	‘melarang’
51. carék,	carék	(nga)wagel	‘melarang’
52. cekel	cekel	cepeng	‘pegang’
53. cenah	cenah	saurna	‘katanya’
54. ceuli	ceuli	cepil	‘telinga’
55. ceurik	ceurik	nangis	‘menangis’
56. cician	nyician	mairan	‘menuangkan’
57. ciduh	ciduh	ludah	‘meludah’
58. cikal	cikal	pangageungna	‘cikal’
59. cium	nyium	ngambung	‘mencium’
60. coba	coba	cobi	‘coba’
61. cukur	dicukur	diparas	‘bercukur’
62. cumpon	nyumponan	nyaosan	‘memenuhi’
63. dagang	dagang	icalan	‘berdagang’
64. dangdan	dangdan	dangdos	‘berdandan’
65. dapur	dapur	pawon	‘dapur’
66. diri	diri	salira	‘diri’
67. diuk	diuk	calik, linggih	‘duduk’
68. dubur	dubur	palawangan	‘dubur’
69. éléh	éléh	kawon	‘kalah’
70. éndong	ngéndong	ngawengi	‘bermalam
71. gandéng	gandéng	baribin	‘gaduh’
72. gedé	gedé	ageung	‘besar’
73. gégél	gégél	landep	‘gigit’
74. gelung	gelung	sanggul	‘sanggul’
75. gendut	gendut	ageung	‘gemuk’
76. geuing	ngageuing	ngémutan	‘mengingatkan’
77. geulang	geulang	pinggel	‘gelang’
78. gigireun	gigireun	gédéngun	‘di sebelah’
79. gilir	gilir	gentos	‘ganti’
80. gimir	gimir	rentag manah	‘takut’
81. goréng	goréng	awon	‘jelek’
82. guguling	guguling	pepedek	‘guling’
83. gura-giru	gura-giru	énggal-énggalan	‘terburu-buru’
84. gusar	digusar	dipeper	‘dipotong gigi’
85. haben	haben	teras-terasan	‘terus-terusan’
86. halis	halis	kening	‘alis’
87. harga	harga	pangaos	‘harga’

88. haté	haté	manah	‘hati’
89. heuay	heuay	angob	‘menguap’
90. heubeul	heubeul	lami	‘lama’
91. hirup	hirup	jumeneng	‘hidup’
92. hitut	hitut	bobos	‘kentut’
93. hudang	hudang	gugah	‘bangun’
94. huntu	huntu	waos	‘gigi’
95. hutang	hutang	sambetan	‘utang’
96. igel	igel	ibing	‘menari’
97. imut	imut	mesem	‘tertawa’
98. incu	(pun) incu	(tuang) putu	‘cucu’
99. inggis	inggis	rempan	‘khawatir’
100. inum	inum	leueut	‘minum’
101. irung	irung	pangambung	‘hidung’
102. iteuk	iteuk	teteken	‘tongkat’
103. itung	itung	étang	‘hitung’
104. iwal	iwal	kajabi	‘kecuali’
105. jaba	jaba	jabi	‘selain dari’
106. jaga	jaga	jagi	‘berjaga’
107. jiga	jiga	sapertos	‘seperti’
108. jinah,	jinah,	ngalambangsari	‘berzina’
109. kabur	minggat	lolos	‘kabur’
110. kadudukan	kadudukan	kalungguhan	
111. ‘kajaba,	kajaba	kajabi	‘kecuali’
112. katuhu	katuhu	tengen	‘kanan’
113. kedeng	ngedeng	ébog	‘tiduran’
114. kélék	kélék	ingkab	‘ketek’
115. keris	keris	duhung	‘keris’
116. kolot	kolot	sepuh	‘tua’
117. komo	komo	sumawonten	‘apalagi’
118. kuku	kuku	tanggay	‘kuku’
119. kulawarga	kulawarga	kulawargi	‘keluarga’
120. kuluwut,	nguluwut,	ngangluh	‘sedih’
121. kumbah	kumbah	wasuh	‘cuci’
122. kumis	kumis	rumbah	‘kumis’
123. labuh	labuh	geubis	‘jatuh’
124. lahun	(nga)lahun	mangkon	‘gendong’
125. laju	laju	lajeng	‘terus’

126. lanceuk	(pun)lanceuk	(tuang)raka	‘kakak’
127. lantaran	lantaran,	margi	‘sebab’
128. lapar	lapar	palay tuang	‘lapar’
129. leho	leho	umbel	‘umbel’
130. lengoh	lengoh	teu cacandakan	‘tanpa bawaan’
131. letah	letah	ilat	‘lidah’
132. letak	(di)letak	diilat	‘dijilat’
133. leumpang	leumpang	angkat	‘berjalan’
134. leungeun	leungeun	panangan	‘tangan’
135. malik	malik	mayun	‘berbalik’
136. mamayu	mamayu	mamajeng	‘enak makan’
137. mandi	mandi	siram	‘mandi’
138. maot	maot	pupus	‘mati’
139. mapagahan	mapagahan	ngawurukan	‘menasihati’
140. mayit	mayit	layon	‘mayat’
141. meujeuhna	meujeuhna	cekap	‘cukup’
142. minantu	minantu	mantu	‘menantu’
143. minggat	minggat	lolos	‘kabur’
144. montok	montok	ageung	‘gemuk’
145. mupakat	mupakat	rémpag	‘setuju’
146. muriang	muriang	nyenyepan	‘meriang’
147. naséhat	naséhat	piwuruk	‘nasihat’
148. ngaroko	ngaroko	ngalelet	‘merokok’
149. ngélék	ngadéhé	ngadéhé	‘mengepit’
150. ngeunah	ngeunah	raos	‘enak’
151. ngora	ngora	anom	‘muda’
152. nguyung	nguyung	ngangluh	‘sedih’
153. nini	(pun) nini	(tuang) éyang	‘nenek’
154. nungkulan	nungkulan	ngaluuhan	‘menyaksikan’
155. nyaring	nyaring	teu acan kulem	‘terjaga’
156. nyolowédor	nyolowédor	midua manah	‘selingkuh’
157. ondang	ondang	ulem	‘undang’
158. palar	(di)palar	(di)pamrih	‘diminta’
159. paliré	maliré	merhatoskeun	‘perhatikan’
160. paman	(pun) paman	(tuang) rama	‘paman’
161. pandean	mandean	nyamian	‘menyamai’
162. pangku	pangku	pangkon	‘pangkuan’

163.	panitih	panitih	sangketan	‘peniti’
164.	panon	panon	soca	‘mata’
165.	pantar	(sa)pantar	sayuswa	‘seumur’
166.	papatah	papatah	piwejang	‘nasihat’
167.	parak	marak	munday	‘tangkap ikan’
168.	pariksa	pariksa	parios	‘periksa’
169.	patuh	matuh	linggih	‘berdiam’
170.	payung	payung	pajeng	‘payung’
171.	pegat	(ka)pegat	kandeg	‘terhalang’
172.	perlu	perlu	peryogi	‘perlu’
173.	pianakan	pianakan	wewetengan	‘rahim’
174.	pikir	pikir	manah	‘pikir’
175.	pilih	(ka)pilih	kaselir	‘terpilih’
176.	pindah	pindah	ngalih	‘pindah’
177.	pingping	pingping	paha	‘paha’
178.	pipi	pipi	damis	‘pipi’
179.	prihatin	prihatin	kingkin	‘sedih’
180.	puasa	puasa	saum	‘puasa’
181.	purun	purun	kersa	‘mau’
182.	raksa	raksa	tangtayungan	‘lindungi’
183.	ramo	ramo	réma	‘jari’
184.	ranyéd	(nga)ranyéd	ngalambangsari	‘berzina’
185.	rarabi	rarabi	garwaan	‘beristri’
186.	récéh	récéh	artos alit	‘receh’
187.	rempug	rempug,	rémpag	‘setuju’
188.	resep	(ka)resep	kalangenan	‘hobi’
189.	reureuh	reureuh	ngaso	‘istirahat’
190.	rieut	rieut	puyeng	‘pusing’
191.	ripuh	ripuh	répot	‘susah’
192.	risi	risi	rempan	‘khawatir’
193.	robah	robah	robih	‘berubah’
194.	saba	nyaba	angkat	‘pergi’
195.	sabab	sabab	margi	‘sebab’
196.	sagala	sagala	saniskanten	‘segala’
197.	sakit	(ka)sakit	kasawat	‘penyakit’
198.	sakur	sakur	sugri	‘semua’
199.	salamet	salamet	wilujeng	‘selamat’
200.	salat	salat	netepan	‘sholat’

201.	saléma	salésma	pileg	‘pilek’
202.	salempang	salempang	rejang manah	‘khawatir
203.	salin	disalin	gentos	‘ganti baju’
204.	sampak	kasampak	kasondong	‘ada’
205.	sanding	kasandingan	kasumpingan	‘kesurupan
206.	sawah	sawah	sérang	‘sawah’
207.	sedih	sedih	sungkawa	‘sedih’
208.	séjén	séjén	sanés	‘lain’
209.	senang	senang	raos manah	‘gembira’
210.	seupah	nyeupah	ngalemar	‘makan sirih’
211.	seuri	seuri	gumujeng	‘tertawa’
212.	sibanyo	sibanyo	wawasuh	‘cuci tangan’
213.	simbut	simbut	kampuh	‘selimut’
214.	sirah	sirah	mastaka	‘kepala’
215.	sisig	sisig	susur	‘sugi’
216.	so(a)ra	sora	soanten	‘suara’
217.	sono	sono	honéng	‘rindu’
218.	sorangan	sorangan	nyalira	‘sendiri’
219.	suku	suku	sampéan	‘kaki’
220.	sumawonna	sumawonna	sumawonten	‘apalagi’
221.	susu	susu	pinareup	‘susu’
222.	suweng	suweng	kurabu	‘kerabu’
223.	suwung	suwung	seweng	‘kosong’
224.	taktak	taktak	taraju	‘pundak’
225.	tampolong	tampolong	pangludahan	‘tempolong’
226.	tangtung	nangtung	ngadeg	‘berdiri’
227.	tarajang	(di)tarajang	diwuwuda	‘diterjang’
228.	tarang	tarang	taar	‘kening’
229.	tatangga	tatangga	tatanggi	‘tetangga’
230.	teleg,	teleg	telen	‘telan’
231.	tembang	nembang	mamaos	‘menyanyi
232.	téré	téré	kawalon	‘tiri’
233.	tincak	tincak	dampal	‘injak’
234.	tonggong	tonggong	pungkur	‘punggung
235.	topi	topi	tudung	‘topi’
236.	tulis	tulis	serat	‘tulis’
237.	tulung	(pi)tulung	pitandang	‘pertolongan’
238.	tumpak	tumpak	tunggang	‘tunggang

239.	tunduh	tunduh	palay	‘mengantuk
240.	tungkulan	nungkulan	ngaluuhan	‘mendatangi
241.	turun	turun	lungsur	‘turun’
242.	turut	turut	tumut	‘taat’
243.	tutu	nutu	meuseul	‘numbuk padi’
244.	ua	(pun) ua	(tuang)rama	‘toa’
245.	ubar	ubar	landong	‘obat’
246.	ucap	ucap	kedal	‘bicara’
247.	udud(eun)	udud(eun)	sesep(eun)	‘rokok’
248.	ulin	ulin	ameng	‘bermain’
249.	umur	umur	yuswa	‘usia’
250.	unina	unina	unggelna	‘isinya’
251.	utah	utah	uga	‘muntah’
252.	wedal	wedal	weton	‘lahir’
253.	wudu	wudu	abdas	‘wudlu’

c. Kasar ≠ Hormat O-1 ≠ Hormat O-2

No.	Kasar	Hormat O-1	Hormat O-2	
1.	ajang	kanggo	haturan	‘untuk’
2.	anggeus	réngsé	parantos	‘selesai’
3.	anggir	kuramas	kujamas	‘keramas’
4.	angkir	ondang	ulem	‘undang’
5.	anjang	ngadeuheus	natamu	‘bertamu’
6.	anteur	jajap	nyarengan	‘jajap’
7.	astana	pasarean	pajaratan	‘astana’
8.	babatang	mayit	layon	‘mayat’
9.	balik	wangsul	mulih	‘pulang’
10.	bawa,	bantuan	candak	‘bawa’
11.	bengék	asma	ampeg	‘asma’
12.	béré	masihan	maparin	‘memberi
13.	berekah	aya hibar	damang	‘sehat’
14.	beuki	seneng	sedep	‘suka’
15.	beuli	pésér	galeuh	‘beli’
16.	bikeun	masihkeun	maparinkeun	‘memberikan
17.	bisa	tiasa	iasa	‘bisa’
18.	boa	tiasa jadi	tiasa janten	‘bisa jadi
19.	boga	gaduh	kagungan	‘punya’
20.	bolonan	udur sasih	kareseban	‘haid’

21. bubuang	miceun	kabeuratan	‘buang hajat’
22. bujal	puseur	udel	‘pusar’
23. butuh	perlu	peryogi	‘perlu’
24. cageur	pangésto	damang	‘sehat’
25. carécét	saputangan	salempay	‘sapu tangan’
26. carita	nyanggem	nyarios	‘bicara’
27. cicing	matuh	linggih	‘berdiam’
28. ciling	kakus	jamban	‘jamban, wc’
29. ciri	tanda	tawis	‘tanda’
30. cokot	bantun	candak	‘bawa’
31. daék	purun	kersa	‘mau’
32. dahar	neda	tuang	‘makan’
33. déngé	nguping	ngadangu	‘mendengar’
34. didik	ngatik	miwejang	‘mendidik’
35. duméh	jalaran	ku margi	‘sebab’
36. embung	alim	teu kersa	‘tak mau’
37. enggon	pamondokan	pangkuleman	‘tempat tidur’
38. éra	isin	lingsem	‘malu’
39. gering	udur	teu damang	‘sakit’
40. gero(an)	nyauran	ngagentraan	‘memanggil’
41. gugu	turut	tumut	‘menuruti’
42. hadir	nungkulan	ngaluuhan	‘menghadiri’
43. hayang	hoyong	palay	‘mau’
44. hélok	héran	hémeng	‘heran’
45. iket	totopong	udeng	‘blankon’
46. ilik(an)	ningalan	ningalian	‘melihat-lihat’
47. imah	rorompok	bumi	‘rumah’
48. indit	mios	angkat	‘pergi’
49. indung	(pun) biang	(tuang) ibu	‘ibu’
50. jawab	waler	walon	‘jawab’
51. juru	lahir	babar	‘lahir’
52. kabur	minggat	lolos	‘kabur’
53. kalenger	kapaéhan	kapidara	‘pingsan’
54. kawin	nikah	réndéngan	‘kawin’
55. kédé	kénca	kiwa	‘kiri’
56. keur	kanggo	haturan	‘untuk’
57. kuring	abdi	---	‘saya’
58. lantaran	jalaran	margi	‘sebab’

59. malarat	teu gaduh	teu kagungan	‘miskin’
60. marhum	jenatna	suargi	‘mendiang’
61. muga	mugi	mugia	‘semoga’
62. ngaran	wasta	jenengan	‘nama’
63. nohonan	nyumponan	nyaosan	‘memenuhi’
64. nyaho	terang	uninga	‘tahu’
65. pamajikan	(pun) bojo	geureuha	‘istri’
66. parna	repot	wales	‘parah’
67. pédah	ku margi	rehing	‘karena’
68. pihapé	wiat	ngaweweratan	‘titip’
69. poho	hilap	lali	‘lupa’
70. pribadi	pribados	ku anjeun	‘sendiri’
71. puguh	tangtos	kantenan	‘tentu’
72. reujeung	bareng	sareng	‘dengan’
73. reuneuh	kakandungan	bobot,	‘hamil’
74. reuneuh	kakandungan	ngandeg	‘hamil’
75. sabot	waktos	nalika	‘ketika’
76. salaki	pun lanceuk	caroge	‘suami’
77. salat	sambéang	netepan	‘sholat’
78. salilana	salamina	sapaposna	‘selamanya’
79. saré	mondok	kulem	‘tidur’
80. séléhkeun	masrahkeun	nyanggakeun	‘memberikan’
81. séléwéng	midua haté	midua manah	‘selingkuh’
82. séléwér	midua haté	miduamanah	‘selingkuh’
83. serah	mirak	ngeser	‘talak’
84. seubeuh	sesek	wareg	‘kenyang’
85. sunatan	ngaberesihan	nyepitan	‘khitanan’
86. sungut	cangkem	baham	‘baham’
87. surupan	kasarumahan	kacalikan	‘kemasukan’
88. tabéat	adat	panganggo	‘watak’
89. tambah	tambah	wuwuh	‘tambah’
90. tangén	kanyahoan	kauninga	‘ketahuan’
91. tanya	taros	pariksa	‘tanya’
92. tawar	tawis	pundut	‘tawar’
93. tempo	tingal	tingali	‘lihat’
94. teureuy	teleg	telen	‘telan’
95. titah	ngajurangan	miwarangan	‘menyuruh’
96. waras	cageur	damang	‘sehat’

